



### Avi Chak Ane MetroPlusHealth Anrapò ak Enfòmasyon Konfidansyèl

MetroPlusHealth respekte dwa w genyen pou enfòmasyon w rete konfidansyèl. Avi a esplike fason nou trete enfòmasyon sou finans ak sante pèsònèl ki pa piblik ("Enfòmasyon") nou resevwa sou ou ak a nou fè pou kenbe yo konfidansyèl ak an sekirite jan Lwa Asirans Eta Nouyòk la mande sa (Reglèman 169).

Met sou sa, ou ka mande yon vèsyon tèks konplè Avi sou **Pratik ki Gen Rapò ak Konfidansyalite Enfòmasyon Medikal** nan MetroPlusHealth, ki dekri fason yo ka sèvi ak pataje enfòmasyon medikal ou yo dapre Lwa Federal sou Transfè ak Responsablite anrapò ak Asirans Maladi (HIPAA) nenpòt lè w kontakte Responsab Enfòmasyon Konfidansyèl MetroPlusHealth la. Enfòmasyon sa a disponib tou sou sit entènèt nou an ki se [www.metroplus.org/privacy-policies](http://www.metroplus.org/privacy-policies)

#### Kalite Enfòmasyon

**MetroPlusHealth rasanble Enfòmasyon sou ou nan sous sa yo e yo ka pataje:**

- Enfòmasyon ou ba nou nan aplikasyon ak lòt fòmilè oswa ou di nou; epi
- Enfòmasyon sou relasyon w avè nou, founisè swen sante nou travay avè yo, ak lòt moun.

**Sa nou fè ak enfòmasyon w yo:  
Nou pa pataje enfòmasyon sou manm nou yo ak ansyen manm nou yo bay pèsòn, sof lè lalwa otorize sa.**

- Pou bay avantaj swen sante ou resevwa yo kòm yon manm nan MetroPlusHealth, pa egzanp, pou fè aranjman pou tretman ou bezwen ak pou peye pou sèvis ou resevwa yo;
- Pou kominike avè w sou pwogram ak sèvis ki disponib pou ou antanke manm MetroPlusHealth; epi
- Pou jere biznis nou epi respekte egzijans legal ak règleman nou yo.

---

**Fason nou pwoteje enfòmasyon konfidansyèl ou**

- Nou limite aksè nan enfòmasyon w yo bay anplwaye ak lòt moun ki bezwen yo pou fè travay MetroPlusHealth oswa pou respekte egzijans legal ak reglemantè.
- Anplwaye ap resevwa sanksyon, e nou ka revoke yo, si yo vyole politik ak pwosedi pwoteksyon pou enfòmasyon konfidansyèl nou yo.
- Nou itilize prekosyon fizik, elektwonik ak pwosedi pou kenbe Enfòmasyon konfidansyèl ak pwoteje selon lwa onivo eta ak federal yo.

---

**Ansyen Manm**

- Si w pa manm MetroPlusHealth ankò, enfòmasyon w yo ap rete pwoteje dapre politik ak pwosedi nou yo pou manm nou genyen kounye a.

---

**Kontakte MetroPlus**

- Mande plis enfòmasyon sou politik ak pratik pwoteksyon enfòmasyon konfidansyèl,
- Depoze yon plent ki gen pou wè ak vi prive devan nou, oswa
- Voye yon demann ekri pou yo analize enfòmasyon sou ou ki nan dosye nou yo.

**Customer Services – MetroPlus Health Plan**

**50 Water Street, 7th Floor**

**New York, NY 10004**

- **Telefòn Jeneral:** 1-800-303-9626, 7 jou nan sèmèn nan, 8:00 a.m. rive 8:00 p.m.
- **Manm Medicare:** 1-800-303-9626, 7 jou nan sèmèn nan, 8:00 a.m. rive 8:00 p.m.
- **TTY:** 711

**Fason pou w kontakte MetroPlus san w pa bay non w:**

**Liy Dirèk Respè Règleman** (ou pa gen pou w bay non w e l ouvè 24 sou vennkat, 7 jou sou sèt, 365 jou pandan ane a):

- Rele 1-888-245-7247
- Voye yon rapò sou entènèt lè w ale sou:  
<https://metroplus.org/about-us/privacy-policies/>